# ZVIKONZERO GUMI ZVINORATIDZA KUIPA KWE *PVO BILL* KUVANHU VEZIMBABWE
# CHIVABVU 2024

**Nhanganyaya**
Dare reparamende yeZimbabwe ririkuda kuunza mutemo unonzi *Private Voluntary Organisations (PVO) Amendment Bill, HB 2, 2024*, kana kuti *PVO Bill*. Kuburikidza nema Public Hearings, paramende rave kugamuchira pfungwa dzinobva kuneveruzhinji maererano nezve *PVO Bill*. Ma *NGO* anekuwirirana kuti mutemo uyu hauna kunakira nyika yeZimbabwe nekuda kwezvikonzero zvakasiyana siyana. Mugwaro rino mune zvikonzero izvi zviri gumi;

1. **Bill riri kuedza kugadzirisa dambudziko risipo**
   Dare reParamende ririkuti Bill iri riri kuteedzera kurudziro yakaitwa *neFinancial Action Task Force (FATIF)* rekuderedza kushandiswa kwaiitwa masangano akazvimiririra oga mumabasa ehugandanga nekusashandiswa zvakajeka kwemari. Zvisinei, umbowo hwakawanikwa kubva pa *National Risks Assessments* (NRA) hunoratidza kuti ma*NGO* emuZimbabwe haasi panjodzi yekushandiswa kwemari mumabasa ehugandanga. Chechipiri, kubva muna March 2022, Zimbabwe yakabviswa kubva pa grey list yeFATIF (iyo inoratidza nyika dziri panjodzi). Izvi zvinoreva kuti recommendation 8 yeFATIF haichashandi muZimbabwe.

2. **MuZimbabwe magara muine mitemo inodzivirira ugandanga nechekare.**

   Sezvambotaurwa pamusoro, hapana umbowo hunoratidza kuti ma *NGO* emuZimbabwe arikushandiswa kuisa mari kumabasa ehugandanga. Zvisinei hazvo, Zimbabwe yagara iine mutemo unonzi *Suppression of Foreign and International Terrorism Act* uyo unobata zvese zvinechekuita nekudzivirira uye kudzikisa mabasa ehugandanga.

3. ***PVO Bill* richaita kuti vanhu vatadze kuita maonera pamwe panhau dzirikuvakanganisa munharaunda dzavo.**

   Ma*NGO* anopa mikana yekuti vanhu vemunharaunda vakwanise kuungana nekuita maonerapamwe maererano nenhau dzinechekuita nehupenyu hwavo. Mitemo iripo ikozvino inotendera kuti mapoka akasiyana ashande zviripamutemo kubirikidza nemabumbiro emutemo awo. Mamwe mapoka aya anoshanda ari ma Trust, akanyoreswa kwa *Registrar of Deeds* pasi pemutemo we*Deeds Registries Act*. Izvi zvinopa ma *NGO* akasiyana-siyana rusunungukoo rwekushanda zvakanaka. Zvino *PVO Bill* rinoita kuti masangano ose atevedzere mitemo yakaomarara izvo zvinova zvinonetsa mapoka anoshanda ari munharaunda dzigere vanhu (maCommunity based groups). Mapoka ese anenge avakumanikidzwa kunyoresa semaPVOs. Zvino mapoka aya akarambidzwa kunyoresa semaPVO zvinoreva kuti nharaunda dzavaishanda nhadzo dzinenge dzava kuzokanganisikawo.

4. **Hurumende inenge yava kupindira zvisirizvo mukushanda kwema*NGO***

   Hurumende ine kupindira kwakanyanya muhurongwa hwekunyoresa ma *NGO* kuburikidza nehofisi ya *Registrar of NGO* pasi pe*PVO Bill*. Ma *NGO* mazhinji anga achiedza kunyoresa pasi pemutemo uripo izvezvi we PVO Act vanga vachisangana

naezvimhingamupinyi zvakawanda. Izvi zvichatowedzera kunetsa kana *PVO Bill* rikabudiririra, kunyanya kune ma *NGO* anoonekwa seanoshoropodza kana kutsiura hurumende.

Izvezvi patori nehumbowo hwevamwe vashandi vehurumende varikuedza kurambidza ma *NGO* kushanda. Zvino *PVO Bill* rikabudirira, richashandiswa nevashandi vakadaro kutadzisa ma *NGO* kushanda.

Gurukota rehurumende rinenge riine simba rekusarudza zvarinoda uye rinokwanisa kushandisa simba iri kupindira mumashandire anoita ma *NGO*s. Gurukota rehurumende rinokwanisa kumisa vatungamiri ve*NGO* richiisa varinoda avo vanogona kutoshandura chinangwa che*NGO* iyoyo.

Gurukota rehurumende rinogona kumisa basa vashandi ve*NGO* risina kumbovapa mukana wekuti vanzwikewo divi ravo.

Kupindira kwakadai kunokanganisa mashandiro emapoka akasiyana siyana uye anogona kurasika pachinangwa chawo chekushumira munharaunda dzavanoshandira.

**5. *PVO Bill* rinokanganisa mumabasa erubatsiro anoitwa nevema *NGO***

Parizvino Zimbabwe inopona nerubatsiro rwainopiwa kubva kumasangano akasiyana siyana emuno neekunze kwenyika. Aya anosanganisira kereke nemamwewo mapoka kunyanya munguva dzenzara sezvakaita mwaka uno watiri. *PVO Bill* richaita kuti mapoka anobatsira atadze kushanda zvakanaka. Tine muenzaniso wezvakaitwa mugore ra 2008 apo hurumende yakamanikidza mapoka anobatsira kuti avhare. Izvi zvakasiya veruzhinji vanotambura vasina rubatsiro panguva yavairwuda.

**6. Kukanganiswa mumashandiro ekurwira kodzero dzevanhu**

Mapoka anoshanda achiita zvekuchengetedza kodzero dzevanhu anebasa guru pasi rose rekuita kuti hurumende dzishande zvakajeka uye mukubatsira vanhu vanenge vambunyikidzirwa kodzero dzavo.

*PVO Bill* rinotaura sezvinonzi imhosva kurwira kodzero dzevanhu. Parizvino, pane vanoita zvematongerwo enyika uye vemapepanhau anovatsigira vakatotanga kutaura mashoko ekumhura vanoita basa rekurwira kodzero dzevanhu. Vanenge vachiti varwiri vekodzero varikuda kukudubura hurumende uye imhandu dzehurumende zvinova zvisirizvo.

Nekuda kwaizvozvo *PVO Bill* richashandiswa kumbunyikidza kodzero dzevanhu.

**7. *PVO Bill* richaita kuti kuve nekushomeka kwemari yekunedzimwe nyika inopinda muno.**

Ma *NGO* anounza chikamu chakakosha muupfumi hwenyika kuburikidza nekuunza mari inodarika USD9 million pagore roga roga muZimbabwe. Humbowo hunobva kunedzimwe nyika hunoratidza kuti mitemo yakaita se*PVO Bill* inoderedza zvikuru kuuya kwemari yekunze kwenyika. Izvi zvinokanganisa mamiriro ehupfumi uye

zvinowedzera pakunetseka kwatirikuita munezvehutano, dzidzo, magetsi, mafuta edzimota nezvimwe zvinodiwa nevanhu pakurarama kwavo.

**8. Kutyora bumbiro remutemo weZimbabwe**

Bumbiro remutemo weZimbabwe rinopa kodzero dzakaita seyekusununguka mukusangana nekuwadzana nevanhu vaunoda, uye kodzero yekusununguka mukuratidzira nekusvitsa kunyunyuta kumapazi ehurumende.

Kuumba mapoka anocherechedza kodzero idzi zvinhu zviri pamutemo weZimbabwe. Kushandisa mapoka iwayo mukukurudzira kugadziriswa kwezvinyunyuto zvevanhu itori kodzero inochengetedzwa nebumbiro remutemo.

Zvino *PVO Bill* ririkuzounza zvimhingamupinyi mukucherechedzwa kwekodzero idzodzi izvo zvinova zvinotyora bumbiro remutemo nemimwe mitemo yepasi rose.

**9. Kusajeka kwe*PVO Bill* injodzi mukushanda kwema *NGO***

Vanamazvikokota vezvemitemo vanoti ivo *PVO Bill* harina kunyatsonyorwa nemazvo. Rine zvimwe zvikamu zvisina kunyatsobuda pachena. Izvi zvinova njodzi kumasagano akasiyana siyana, yekutyora mutemo vasingazive, kana kuti vanonzi havasi kuteedzera zviri mumutemo. Izvi zvinoita kuti varangwe nemitongo yakatarwa mumutemo uyu. Mitongo iyi inopihwa kuvatungamiri nevashandi veboka rinenge ranangwa. Izvi zvichaita kuti veruzhinji kuti vatye kuyanana senhengo kana sevashandi vema *NGO*.

**10. *PVO Bill* rakanyorwa pasina kukoshesa pfunga dzevaripasi**

Mutemo uyu wakanyorwa nevarikumusoro vasina kutaurirana nevaripasi kana kunzwa pfunga dzevema*NGO*. Kunzwika kwepfungwa dzevema*NGO* kwaingove kwechirango uye paisakosheswa kurudziro dzinobva ku *African Commission on Human and Peoples Rights* (ACHPR) ne *United Nations*. (UN)
Hurumende yaifanira kugadzira mukana wenhaurirano wakaenzana nevema *NGO* zvese zviri mumweya wekuumba nyika nekugarisana zvakanaka. Uye hurumende inofanira kutorawo pfungwa dzinobva kuma*NGO*, kuACHPR nanamazvikokota veUN.

**Mhedzisiro**

Mutemo uyu wakaipa uye hauna kungoshatira vemasangano akazvimirira oga chete, asi wakashatira nyika yose. Kusakoshesa pfungwa dzevanhu pamusoro pemutemo unechekuita nemararamiro hausi hutongi hwakanaka. Izvi zvinokanganisa chimiro chenyika yedu panguva yatiri kuda kubatanidza vanhu, uye kuyanana nedzimwe nyika dzekunze. *PVO Bill* sezvariri ikozvino, harina kunakira Zimbabwe. Dare reparamende rinokurudzirwa kuramba mutemo uyu uye kuti rikurudzire nhaurirano inoita kuti vema*NGO* nevamwe vose vanzwikwe zvichemo zvavo.

---

*Kuti muwane oNGOroro izere yePVO Bill, tumirai message pa WhatsApp inemashoko anoti PVO ku number idzi +263772954075 kana kuenda pawebsite ye ZimRights www.zimrights.org.zw*